


**Pa President  
Dieter F. Uchtdorf**  
Dezyèm Konseye nan  
Premye Prezidans lan



# Konferans jeneral—Yon benediksyon ekstraòdinè

**Y**on bon manm Legliz la t ap pale avèk yon vwazen ki pa t manm legliz nou an. Lè sijè diskisyon an te vire sou konferans jeneral, vwazen an te mande: “Ou di nou gen pwofèt ak apot? Epi defwa pa ane nan yon konferans mondyal yo revele pawòl Bondye?”

“Absoliman,” manm lan te reponn avèk konfyans.

Vwazen an te reflechi sou sa pandan yon ti moman. Li te sanble l te sensèman enterese epi apresya li te mande: “Kisa yo te di nan dènye konferans jeneral la?”

Nan pwèn sa a bon manm Legliz la te pase pa santi-man eksitasyon pou pataje levanjil la rive nan santiman anbarasman. Li te eseye jan l te kapab, men li pa t ka sonje detay sou menm yon diskou.

Zanmi an te wè anbarasman li epi l te di: “Ou vle di m ke Bondye pale avèk lèzòm nan epòk nou an epi ou pa ka sonje kisa l te di?”

Frè a te santi li imilye pa pawòl sa yo. Li te pran rezolisyon pou l te pi byen sonje pawòl sèvitè Senyè yo di nan konferans jeneral yo.

Nou tout konnen kijan sa difisil pou sonje chak mesaj konferans jeneral, e mwen konnen ke nou pa bezwen santi n anbarase si nou pa sonje tout bagay. Men, gen mesaj nan chak konferans jeneral ke yo ba nou kòm yon kado ak yon benediksyon soti nan syèl

la espesifikman pou sitiyasyon lavi pèsònèl nou.

Nan preparasyon pou konferans jeneral, kite m sigjere twa bagay debaz ki ka ede nou pi byen resevwa, sonje, ak aplike pawòl sèvitè Senyè a pale yo.

## **1. Manm legliz yo gen dwa ak revelasyon pèsònèl lè yo koute ak etidye pawòl enspire ki pale nan konferans jeneral yo.**

Lè n ap prepare pou konferans jeneral, mwen envite nou pou m medite kesyon nou bezwen repons pou yo yo. Pa egzanp, nou gen dwa ap chèche direksyon ak gidans nan men Senyè a konsènan pwoblèm n ap rankontre.

Repons pou priyè espesifik nou yo kapab vini dirèkteman nan yon diskou byen patikilye oswa yon fraz byen espesifik. Gen lòt fwa repons yo ka vini nan yon mo, yon fraz, oswa yon chan ki aparaman pa gen okenn rapò ak sitiyasyon nou. Yon kè ranpli ak gratitud pou benediksyon lavi yo ak yon dezi sensè pou koute ak suiv pawòl konsèy yo ap prepare chemen pou revelasyon pèsònèl la.

## **2. Pa meprize yon mesaj senpleman paske li parèt familye pou nou.**

Pwofèt yo toujou anseye pa repetisyon; se yon lwa nan aprantisaj. N ap tandè repetisyon nan tèm yo ak

doktrin yo nan konferans jeneral. Kite m rasire nou: se pa poutèt mank kreyativite oswa imajinasyon. Nou kontinye tandè mesaj sou menm sijè yo paske Senyè a ap anseye nou ak enprime nan lespri nou ak nan kè nou kèk prensip debaz ki gen gwo enpòtans etènèl ke nou dwe konprann ak suiv anvan nou ka pase nan lòt bagay. Yon batisè saj toudabò poze fondasyon anvan li mete mi ak twati kanpe.

### 3. Pawòl ki pale nan konferans jeneral yo dwe yon konpa k ap montre nou chemen nou nan mwa ki vin apre yo.

Si nou koute ak suiv enspirasyon Lespri yo, y ap sèvi kòm yon Lyawona, pou gide nou atravè vale ak montay enkonni ak difisil k ap tann pi devan yo (gade 1 Nefi 16).

Depi nan kòmansman mond lan, Bondye te toujou gen pwofèt ki pale de volonte syèl la pou moun nan epòk pa yo a. Se responsablite nou pou nou koute epi apresya aplike mesaj Senyè a voye pou nou yo.

Papa mizèrikòdye ak eman nou an ki nan syèl la pa bliye ni li pa p janm bliye pitit li. Jodia, osibyen ke nan tan pase yo, li aple apot ak pwofèt. Li kontinye revele yo pawòl li.

Ala yon bèl privilèj sa ye pou tandè mesaj Bondye pou nou chak nan konferans jeneral yo! An nou prepare nou byen pou gwo benediksyon gidans divin sa a ke sèvitè chwazi l yo delivre yo.

Paske sa se pa yon benediksyon òdinè.

#### ANSÈYMAN APATI MESAJ SA A

- Li atik la ansanm. Ankouraje fanmi an idantifye sa pou koute pandan konferans jeneral.
- Pou ede jèn timoun yo aplike konsèy Prezidan Uchtdorf bay la, montre yo foto ki gen tout Otorite Jeneral yo (n ap jwenn ni nan revni konferans *Lyawona* a). Fè yo konnen ke Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo pral pale nan konferans jeneral la. Ankouraje timoun yo pou yo koute konferans lan epi fè yon desen pou ede yo sonje sa yo te aprann. Paran yo kapab ale nan [conferencegames.lds.org](http://conferencegames.lds.org) pou jwenn plis aktivite konferans pou timoun yo.

## JÈN YO

### Bon, pi bon, pi bon toujou

Pa Mary-Celeste Lewis

Nan diskou konferans jeneral Oktòb 2007 la, Èldè Dallin H. Oaks nan Kolèj Douz Apot yo te pale sou aktivite ki “bon, pi bon, ak pi bon toujou.” Lè l te rive nan pati ki te pale sou “orè depase timoun yo,” mwen te santi m koupab kote m te chita a.

Mwen te konnen ke m te fè twòp. Mwen te nan jwèt lekòl, pandan m t ap pran klas difisil nan lekòl mwen, e m te enplike nan plizyè lòt aktivite. Mwen pa t konn ale nan aktivite Jènfi yo tout tan, e Dimanch mwen te ranpli ak strès nan eseye fini devwa ala dènye minit. Repetisyon mizik ak edite jounal lekòl la te pèdi tout karaktè amizan yo e yo te vin tounen travay.

Diskou Èldè Oaks la te fè m pote yon bon koudèy sou orè mwen. Aktivite m yo te bon, men yo te twòp. Mwen te oblije chwazi sa k te pi bon yo. Lè m te eseye deside ki aktivite pou m te bliye, mwen te reyalize ke levanjil Jezikri a sete pi bon priyorite yon moun kapab genyen. Mwen te mete priyè ak etid ekriti nan tèt lis mwen an, epi depi lè sa a, lavi m mache pi byen.

Èldè Oaks te anseye m ke lè nou fè sa Senyè a vle nou fè yo *anpremye*, tout lòt bagay ap byen tonbe nan plas yo. Si m etidye ekriti yo anvan m jwe jwèt oubyen menm anvan m fè devwa mwen, tout bagay enpòtan yo ap fèt. Lè m baze lavi mwen sou Senyè a, olye mwen ajoute li kòm yon bagay pou m fè apre, lavi m gen yon pi gwo sans lapè ak siksè.

Kounyeya mwen trè sousye pou koute konsèy yo bay nan konferans jeneral yo!

## TIMOUN YO

### Mwen ka jwenn repons atravè konferans jeneral la

Prezidan Uchtdorf anseye ke si nou panse ak kèk kesyon anvan konferans jeneral la, Senyè a ka pale avèk nou atravè pwofèt ak apot li yo pandan konferans lan.

1. Antanke fanmi oswa klas, diskite sou sa nou bezwen aprann, keseswa endividyèlman oubyen ansanm. (Pa egzanp: Kijan m ka fòtifye temwayaj mwen? Kijan m ka fè fas ak yon pwoblèm nan lekòl mwen?) Ekri kesyon w yo sou yon moso papye oswa nan jounal ou.
2. Nan semèn anvan konferans yo, ou kapab panse ak priye sou kesyon sa yo.
3. Koute byen pandan konferans lan (sa kapab ede si w pran nòt). Epi apresya ekri kijan Senyè a — atravè dirijan Legliz yo — reponn kesyon w yo.
4. Sou yon lòt moso papye, ou kapab fè desen ou menm k ap fè sa w te aprann nan.



Lafwa • Fanmi • Sekou

# Fòtifye fanmi yo nan ogmante espiyitalite

*Etidye materyèl sa a epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo epi fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou.*

**J**ulie B. Beck, prezidant jeneral Sosyete Sekou a, te di: “Mwen devlope yon gwo temwayaj konsènan valè pitit fi Bondye yo. . . . Mwen santi ke pa p janm gen yon si gran bezwen pou fè lafwa ak jistis pèsònèl grandi pase kounyeya. Pa janm gen yon si gran bezwen konsa pou fanmi yo ak fwaye yo vin solid.”

Sè yo kapab kreye fwaye ak fanmi ki solid lè yo aji sou revelasyon pèsònèl. Sè Beck te kontinye: “Kapasite pou kalifye pou revelasyon pèsònèl, pou resevwa revelasyon pèsònèl ak aji an konsekans lan se kalite ki pi enpòtan yon moun kapab akeri nan lavi sa a.” “Pou yon moun kalifye pou resevwa Lespri Senyè a, li dwe dabò gen dezi pou Lespri a e sa mande yon sèten degre diyite. Respekte kòmandman yo, repanti, ak renouvle alyans ki te fèt nan batèm yo mennen nan benediksyon pou nou toujou gen Lespri Senyè a avèk nou an. Fè ak respekte alyans tanp yo ajoute sou fòs ak puisans espiyèl nan lavi yon fi. Nou jwenn repons pou kesyon difisil yo nan li ekriti yo paske ekriti yo se yon èd pou revelasyon. . . . Priyè chak jou esansyèl pou gen Lespri Senyè a avèk nou tou.”<sup>1</sup>

Nou fòtifye manm fanmi nou espiyèlman tou lè nou ede yo konprann plan etènèl Papa nou ki nan syèl la. “Kisa nou kapab fè pou nou pi byen prepare pitit nou yo espiyèlman pou wòl etènèl yo?” Èldè M. Russell Ballard nan Kolèj Douz Apot yo te mande. “Petèt repons ki pi konplè a se: Anseye yo kijan pou yo viv prensip levanjil yo.” Ansèyman sa a vini atravè priyè chak jou, etid ekriti chak jou, ak moman repa familyal yo osibyen sware familyal chak semèn yo ak ale Legliz. Èldè Ballard eksplike: “Nou prepare chak jou, kounyeya menm, pou lavi etènèl. Si nou p ap prepare pou lavi etènèl, n ap prepare pou yon bagay mwens, petèt yon bagay mwens anpil.”<sup>2</sup>

## **Apati ekriti yo**

Pwovèb 22:6; 1 Jan 3:22; Doktrin ak Alyans 11:13–14; 19:38; 68:25

## **Apati istwa nou**

Pwofèt Joseph Smith te anseye sè yo nan yon reyinyon Sosyete Sekou an Avril 1842, ke yo te gen yon obligasyon solanèl pou chèche pwòp sali yo. Li te di: “Aprè ansèyman [mwens] yo, nou pral responsab pou pwòp peche pa nou; se yon onè pou nou pou n mache devan Papa

nou ki nan syèl la nan yon fason ki kapab sove nou; nou tout responsab devan Bondye pou fason nou amelyore limyè ak sajès ke Senyè a ba nou pou pèmèt nou sove tèt nou an.”<sup>3</sup> Li te anseye yo pou yo rete moun ki jis, pou yo vin yon pèp sen, ak pou prepare pou òdonans ak alyans tanp yo.

## **NÒT**

1. Julie B. Beck, “And upon the Handmaids in Those Days Will I Pour Out My Spirit,” *Liahona*, Me 2010, 10, 11.
2. M. Russell Ballard, “Spiritual Development,” *Ensign*, Nov. 1978, 65, 66.
3. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 355.

## **Kisa m ka fè?**

1. Kijan m ka ede sè m yo grandi nan otonomi espiyèl?
2. Kijan m ka amelyore pwòp kapasite mwen pou rekonèt ak reponn Sentespri a?

Pou plis enfòmasyon, ale nan [www.reliefsociety.lds.org](http://www.reliefsociety.lds.org).